# متن الأربعين النووية

ИМАМ НАВАВИЙН

ШОВЗТКЪА ХЬАДИС

Іарбийн маттера - Хатаев Хизрин Руслан (Аюб)

## Хьалхара хьадис

عَنْ أَمِيرِ الْمُؤْمِنِينَ أَبِي حَفْصٍ عُمَرَ بْنِ الْخَطَّابِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: "إِنَّمَا الْأَعْمَالُ بِالنِّيَّاتِ، وَإِنَّمَا لِكُلِّ امْرِئٍ مَا نَوَى، فَمَنْ كَانَتْ هِجْرَتُهُ إِلَى اللهِ وَرَسُولِهِ فَهِجْرَتُهُ إِلَى اللهِ وَرَسُولِهِ، وَمَنْ كَانَتْ هِجْرَتُهُ لِدُنْيَا يُصِيبُهَا أَوِ امْرَأَةٍ يَنْكِحُهَا فَهِجْرَتُهُ إِلَى مَا هَاجَرَ إِلَيْهِ".

رواه البخاري ومسلم

Бусалба нехан паччахь волчу ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Баккъалла а,** (стеган) **Iамалш** (цуьнан) **ниййате хьаьжжина** (лоруш) **ю. Баккъалла а, хIора стагана** (хир) **ду цуьнан ниййат хилларг. Ткъа АллахIан а, Цуьнан Элчанан а дуьхьа мухIажар хиллачун хIижрат АллахIан а, Цуьнан Элчанан а дуьхьа лорур ду. Амма шен хIижрат дар ша лоьхучу дуьненан я ша яло хьийзочу зудчун дуьхьа долчун – цо хIижрат деш лехна долччу хIуманан дуьхьа лорур ду иза».** *Бухари, Муслим.*

## ШолгIа хьадис

عَنْ عُمَرَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ أَيْضًا قَالَ: بَيْنَمَا نَحْنُ جُلُوسٌ عِنْدَ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ ذَاتَ يَوْمٍ إِذْ طَلَعَ عَلَيْنَا رَجُلٌ شَدِيدُ بَيَاضِ الثِّيَابِ، شَدِيدُ سَوَادِ الشَّعْرِ، لَا يُرَى عَلَيْهِ أَثَرُ السَّفَرِ، وَلَا يَعْرِفُهُ مِنَّا أَحَدٌ، حَتَّى جَلَسَ إِلَى النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ، فَأَسْنَدَ رُكْبَتَيْهِ إِلَى رُكْبَتَيْهِ، وَوَضَعَ كَفَّيْهِ عَلَى فَخِذَيْهِ، وَقَالَ: يَا مُحَمَّدُ أَخْبِرْنِي عَنِ الْإِسْلَامِ، فَقَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "الْإِسْلَامُ: أَنْ تَشْهَدَ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ، وَتُقِيمَ الصَّلَاةَ، وَتُؤْتِيَ الزَّكَاةَ، وَتَصُومَ رَمَضَانَ، وَتَحُجَّ الْبَيْتَ إِنِ اسْتَطَعْتَ إِلَيْهِ سَبِيلًا"، قَالَ: صَدَقْتَ، فَعَجِبْنَا لَهُ يَسْأَلُهُ وَيُصَدِّقُهُ، قَالَ: فَأَخْبِرْنِي عَنِ الْإِيمَانِ، قَالَ: "أَنْ تُؤْمِنَ بِاللهِ، وَمَلَائِكَتِهِ، وَكُتُبِهِ، وَرُسُلِهِ، وَالْيَوْمِ الْآخِرِ، وَتُؤْمِنَ بِالْقَدَرِ خَيْرِهِ وَشَرِّهِ"، قَالَ: صَدَقْتَ، قَالَ: فَأَخْبِرْنِي عَنِ الْإِحْسَانِ، قَالَ: "أَنْ تَعْبُدَ اللهَ كَأَنَّكَ تَرَاهُ، فَإِنْ لَمْ تَكُنْ تَرَاهُ، فَإِنَّهُ يَرَاكَ"، قَالَ: فَأَخْبِرْنِي عَنِ السَّاعَةِ، قَالَ: "مَا الْمَسْئُولُ عَنْهَا بِأَعْلَمَ مِنَ السَّائِلِ"، قَالَ: فَأَخْبِرْنِي عَنْ أَمَارَاتِهَا، قَالَ: "أَنْ تَلِدَ الْأَمَةُ رَبَّتَهَا، وَأَنْ

تَرَى الْحُفَاةَ الْعُرَاةَ الْعَالَةَ رِعَاءَ الشَّاءِ يَتَطَاوَلُونَ فِي الْبُنْيَانِ"، ثُمَّ انْطَلَقَ، فَلَبِثْتُ مَلِيًّا ثُمَّ قَالَ: "يَا عُمَرُ، أَتَدْرِي مَنِ السَّائِلُ؟ قُلْتُ: اللهُ وَرَسُولُهُ أَعْلَمُ، قَالَ: فَإِنَّهُ جِبْرِيلُ أَتَاكُمْ يُعَلِّمُكُمْ دِينَكُمْ". رواه مسلم

Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина хІара хьадис а: «Цхьаьна дийнахь тхо Делан Элча волчохь (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хевшина Іаш долуш, тхуна тІевеара цхьа стаг, шена тІеюьйхина шарула-кІайн бедарш а йолуш, кІарула-Іаьржа месаш йолуш, шена тІехь цхьа а некъ баран гуш лар а йоцуш, я тхуна цхьанне а ша вевзаш а воцуш. Вахана Пайхамарна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) улло охьахиира иза, шен ши гола цуьнан шина голанах хоьттира цо, шен ши куьг а диллира цо шен вареш тІе. Цо элира: **«ХІай Мухьаммад, Исламах лаций дийцахьа суна».** ТІаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ислам – иза ахьа АллахІ воцург кхин дела вац аьлла, Мухьаммад - Цуьнан Элча ву аьлла тоьшалла дар ду, ахьа ламаз дар, закат далар, Рамадан бутт кхабар, ХьаьжцІа вахар а ду - хьайн цига некъ бан ницкъ кхачахь».** Стага элира: **«Нийса боху ахьа».**

Тхо цунах чІогІа цецдевлира, цуьнга хоьттуш а ву, и бакъвеш а ма ву хІара аьлла. ТІаккха оцу стага элира: **«ХІинца Ийманах лаций дийцахьа суна»**. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьо АллахІах, Цуьнан маликех, Цуьнан жайнех, Цуьнан элчанех, къематдийнах а тешар ду, иштта хила яздинчух, цуьнан диканаххий, вонаххий а хьо тешар ду»**. Стага элира: **«Нийса боху ахьа».**

ТІаккха цу стага элира: **«ХІинца Ихьсанах лаций дийцахьа суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахьа АллахІна Іибадат дар ду, хьайна Иза гуш волуш санна; хьуна Иза гуш цахиларх, Цунна хьо гуш ву».** ТІаккха стага элира: **«Къематдийнах лаций дийцахьа суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хаттарна жоп дала дезарг ма вац хаттар дечул а дика хууш** (къематдийнах лаьцна жоп даларехь)**».** Стага элира: **«ТІаккха цуьнан билгалонех лаций дийцахьа суна».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Нанас шена эла яр ду; когашІуьйра, берзана, миска жаІуй хьуна гар ду, лекха гІишлош ярехь къийсалуш».** Цул тІаьхьа и стаг дІавахара. Со вехха лаьттира. Цул тІаьхьа Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаьттира: **«ХІай Іумар, и хеттарш динарг мила ву хиирий хьуна?»** Аса жоп делира: **«АллахІна, Цуьнан Элчанна а дика хаьа иза».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)

элира: «**Баккъалла а, иза Джабраил дара, шуна шун дин хьеха деана».** *Муслим.*

**КхоалгIа хьадис**

عَنْ أَبِي عَبْدِ الرَّحْمَنِ عَبْدِ اللهِ بْنِ عُمَرَ بْنِ الْخَطَّابِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: "بُنِيَ الْإِسْلَامُ عَلَى خَمْسٍ: شَهَادَةِ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ، وَإِقَامِ الصَّلَاةِ، وَإِيتَاءِ الزَّكَاةِ، وَحَجِّ الْبَيْتِ، وَصَوْمِ رَمَضَانَ". رواه البخاري ومسلم

IумаранкIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Ислам пхеа хIуманна тIедоьгIна ду: АллахI воцург кхин дела вац, Мухьаммад - Цуьнан Элча ву аьлла тоьшалла дарна, ламаз дарна, закат даккхарна, ХьаьжцIа вахарна, Рамадан бутт кхабарна».** *Бухари, Муслим.*

**ДоьалгIа хьадис**

عَنْ أَبِي عَبْدِ الرَّحْمَنِ عَبْدِ اللهِ بْنِ مَسْعُودٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: حَدَّثَنَا رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَهُوَ الصَّادِقُ الْمَصْدُوقُ: "إِنَّ أَحَدَكُمْ يُجْمَعُ خَلْقُهُ فِي بَطْنِ أُمِّهِ أَرْبَعِينَ يَوْمًا نُطْفَةً، ثُمَّ يَكُونُ عَلَقَةً مِثْلَ ذَلِكَ، ثُمَّ يَكُونُ مُضْغَةً مِثْلَ ذَلِكَ، ثُمَّ يُرْسَلُ إِلَيْهِ الْمَلَكُ فَيَنْفُخُ فِيهِ الرُّوحَ وَيُؤْمَرُ بِأَرْبَعِ كَلِمَاتٍ: بِكَتْبِ رِزْقِهِ وَأَجَلِهِ وَعَمَلِهِ وَشَقِيٌّ أَوْ سَعِيدٌ، فَوَ اللهِ الَّذِي لَا إِلَهَ غَيْرُهُ إِنَّ أَحَدَكُمْ لَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ الْجَنَّةِ حَتَّى مَا يَكُونُ بَيْنَهُ وَبَيْنَهَا إِلَّا ذِرَاعٌ، فَيَسْبِقُ عَلَيْهِ الْكِتَابُ فَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ النَّارِ فَيَدْخُلُهَا، وَإِنَّ أَحَدَكُمْ لَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ النَّارِ حَتَّى مَا يَكُونُ بَيْنَهُ وَبَيْنَهَا إِلَّا ذِرَاعٌ، فَيَسْبِقُ عَلَيْهِ الْكِتَابُ فَيَعْمَلُ بِعَمَلِ أَهْلِ الْجَنَّةِ فَيَدْخُلُهَا". رواه البخاري ومسلم

МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) тхуна дийцира, – иза ма вуй бакълуьйриг, ша бакъвийриг: **«Баккъалла а, шух хIора а кхоллало, шовзткъа дийнахь шен ненан кийрахь хин тIадам а болуш; цул тIаьхьа кхин оццул хан йоккху цо** (цигахь), **шех цIийн улх** (сгусток) **хилла; цул тIаьхьа кхин оццул хан йоккху цо, шех дилханан цуьрг**

**хилла; цул тӀаьхьа Дала малик дохуьйту цунна тӀе, оцо цунна чу са хоьцу. Оцу малике омра кхочу, цунна диъ хӀума дӀаязде, олий: цуьнан рицкъа; цуьнан оьмар; цуьнан Ӏамал; декъала хир ву иза я дакъаза вер ву. Ша цхьаъ воцург кхин дела воцчух** (АллахӀах) **дуй буу аса, баккъалла а, шух цхьамма ялсаманин охӀланан Ӏамалех йолу Ӏамалш ма йо, шена, цу ялсаманина а юкъахь цхьа дол меттиг йиссалц, амма цунна хилаязделларг хьалха а долий, цо жоьжахатин охӀланан Ӏамал йо, тӀаккха цу чу воьду иза. Баккъалла а, шух цхьамма жоьжахатин охӀланан Ӏамалех йолу Ӏамалш ма йо, шена, цу жоьжахатина а юкъахь цхьа дол меттиг йиссалц, амма цунна хилаязделларг хьалха а долий, цо ялсаманин охӀланан Ӏамал йо, тӀаккха цу чу воьду иза».** *Бухари, Муслим.*

## ПхоьалгӀа хьадис

عَنْ أُمِّ الْمُؤْمِنِينَ أُمِّ عَبْدِ اللهِ عَائِشَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهَا قَالَتْ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "مَنْ أَحْدَثَ فِي أَمْرِنَا هَذَا مَا لَيْسَ مِنْهُ فَهُوَ رَدٌّ". رواه البخاري ومسلم

وَفِي رِوَايَةٍ لِمُسْلِمٍ: "مَنْ عَمِلَ عَمَلًا لَيْسَ عَلَيْهِ أَمْرُنَا فَهُوَ رَدٌّ".

Бусалба нехан нана йолчу Ӏаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХӀокху вайн балхехь** (бусалба динехь) **кхунах** (хилла) **доцург юкъадаьккхинарг – духатоьхна ду».** *Бухари, Муслим.*

Ишта имам Муслима далийначу кхин цхьана дийцарехь ду: **«Ислам-динца йогӀуш йоцу Ӏамал йинарг милла велахь а, и Ӏамал юхатоьхна ю»**.

## ЙолхалгӀа хьадис

عَنْ أَبِي عَبْدِ اللهِ النُّعْمَانِ بْنِ بَشِيرٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: "إِنَّ الْحَلَالَ بَيِّنٌ، وَإِنَّ الْحَرَامَ بَيِّنٌ، وَبَيْنَهُمَا أُمُورٌ مُشْتَبِهَاتٌ لَا يَعْلَمُهُنَّ كَثِيرٌ مِنَ النَّاسِ، فَمَنِ اتَّقَى الشُّبُهَاتِ فَقَدِ اسْتَبْرَأَ لِدِينِهِ وَعِرْضِهِ، وَمَنْ وَقَعَ فِي الشُّبُهَاتِ وَقَعَ فِي الْحَرَامِ، كَالرَّاعِي يَرْعَى حَوْلَ الْحِمَى يُوشِكُ أَنْ يَرْتَعَ فِيهِ، أَلَا وَإِنَّ لِكُلِّ مَلِكٍ حِمًى، أَلَا وَإِنَّ حِمَى اللهِ مَحَارِمُهُ، أَلَا وَإِنَّ فِي الْجَسَدِ

مُضْغَةً إِذَا صَلَحَتْ صَلَحَ الْجَسَدُ كُلُّهُ، وَإِذَا فَسَدَتْ فَسَدَ الْجَسَدُ كُلُّهُ، أَلَا وَهِيَ الْقَلْبُ". رواه البخاري ومسلم

Баши́ран кIанта НуIмана (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Баккъалла а, хьаналдерг билгала ду; баккъалла а, хьарамдерг а билгала ду, амма цаьршинна юккъехь бу, дукхахболчу нахана хааза болуш, шеконаш йолу белхаш. Ткъа шеконаш йолчех ларвеллачо шен дин, шен сий а Iалашди, амма шеконехь дерг динарг хьарам долчунна чу вуьйжи. Иштаниг ву хьаьрмана** (йихкинчу меттигна) **гонахьа бажа** (я жа) **дажочух терра, хIинца-хIинца цу чу вала герга а волчу. Баккъалла а, хIора паччахьан а ю хьаьрма, ткъа АллахIан хьаьрма – Цо хьарам динарш ду. Баккъалла а, дегIа чохь дилханан цхьа дакъа ду, ша тоделча дерриге а дегI толуш, ша телхича дерриге а дегI телхаш; баккъалла а, иза дог ду».** *Бухари, Муслим.*

**ВорхIалгIа хьадис**

عَنْ أَبِي رُقَيَّةَ تَمِيمِ بْنِ أَوْسٍ الدَّارِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ النَّبِيَّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "الدِّينُ النَّصِيحَةُ"، قُلْنَا: لِمَنْ؟ قَالَ: "لِلَّهِ، وَلِكِتَابِهِ، وَلِرَسُولِهِ، وَلِأَئِمَّةِ الْمُسْلِمِينَ وَعَامَّتِهِمْ". رواه مسلم

Авсан кIанта Тамима ад-Дарийс (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Ислам-динан бIогIам – хьехам бу».** Оха элира: **«Хьенан хьокъехь?»** Цо элира: **«АллахIан** (Цуьнга ийман дилларца, Цо де бохург дарца, ма де бохург дитарца), **Цуьнан Жайнин** (цунах теша а тешаш, цуьнца Iамал ярца), **Цуьнан Элчанан** (цуьнга ийман диллина, цо мел деанарг бакъдарца), **ишта бусалба нехан куьйгалхойн** (царна Дела реза волчу хIуманна тIехь муьтIахь хиларца, уьш галбевлча нисбарца а), **иштта массо а бусалбанийн хьокъехь** (дуьненна, эхартана а дикадолчуьнга уьш нисбарца)». *Муслим.*

**БорхIалгIа хьадис**

عَنِ ابْنِ عُمَرَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "أُمِرْتُ أَنْ أُقَاتِلَ النَّاسَ حَتَّى يَشْهَدُوا أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ، وَأَنَّ مُحَمَّدًا رَسُولُ اللهِ، وَيُقِيمُوا الصَّلَاةَ، وَيُؤْتُوا الزَّكَاةَ، فَإِذَا فَعَلُوا ذَلِكَ عَصَمُوا مِنِّي دِمَاءَهُمْ وَأَمْوَالَهُمْ إِلَّا بِحَقِّ الْإِسْلَامِ، وَحِسَابُهُمْ عَلَى اللهِ تَعَالَى". رواه البخاري ومسلم

Іумаран кІанта (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Соьга, нахана дуьхьал тІом бе аьлла, омра дина цара, АллахІ воцург кхин дела вац, Мухьаммад Цуьнан Элча ву, аьлла, тоьшалла даллац, ламаз даллац, закат даккхалц. Амма цара иза дахь, сох кІелхьардаьккхи цара шайн цІий, шайн даьхни а, Исламан бакъонца дерг доцург, ткъа царна хьесапдар – Веза-Сийлахьчу АллахІехь ду».** *Бухари, Муслим.*

## УьссалгІа хьадис

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ عَبْدِ الرَّحْمَنِ بْنِ صَخْرٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: "مَا نَهَيْتُكُمْ عَنْهُ فَاجْتَنِبُوهُ، وَمَا أَمَرْتُكُمْ بِهِ فَأْتُوا مِنْهُ مَا اسْتَطَعْتُمْ، فَإِنَّمَا أَهْلَكَ الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ كَثْرَةُ مَسَائِلِهِمْ وَاخْتِلَافُهُمْ عَلَى أَنْبِيَائِهِمْ". رواه البخاري ومسلم

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Аса шайга ма де аьлларг дита, ткъа аса шайга де аьлларг, шайн ма-хуьллу, дан хьовса. Баккъалла а, шул хьалхарниш хІаллакбина цара** (хьаштдоцуш) **хеттарш дукха даро, уьш шайн пайхамаршна дуьхьалбовларо».** *Бухари, Муслим.*

## УьтталгІа хьадис

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "إِنَّ اللهَ طَيِّبٌ لَا يَقْبَلُ إِلَّا طَيِّبًا، وَإِنَّ اللهَ أَمَرَ الْمُؤْمِنِينَ بِمَا أَمَرَ بِهِ الْمُرْسَلِينَ، فَقَالَ تَعَالَى: {يَا أَيُّهَا الرُّسُلُ كُلُوا مِنَ الطَّيِّبَاتِ وَاعْمَلُوا صَالِحًا}، وَقَالَ تَعَالَى: {يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُلُوا مِنْ طَيِّبَاتِ مَا رَزَقْنَاكُمْ}، ثُمَّ ذَكَرَ الرَّجُلَ يُطِيلُ السَّفَرَ

أَشْعَثَ أَغْبَرَ، يَمُدُّ يَدَيْهِ إِلَى السَّمَاءِ: يَا رَبِّ يَا رَبِّ، وَمَطْعَمُهُ حَرَامٌ، وَمَشْرَبُهُ حَرَامٌ، وَمَلْبَسُهُ حَرَامٌ، وَغُذِيَ بِالْحَرَامِ، فَأَنَّى يُسْتَجَابُ لَهُ؟". رواه مسلم

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахI ЦIена ву, Цо цIена доцург къобал ца до. Баккъалла а, АллахIа бусалба нахе Шен элчанашка дина долу омра дина. Веза-Сийлахьчу АллахIа аьлла: «ХIай элчанаш! ЦIена** (хьанал) **долчух даа аш, дика Iамал а е аш».** *«Аль-Муъминун», 51.* Веза-Сийлахьчу АллахIа ишта аьлла: **«ХIай ийман диллинарш! Оха шайна деллачу рицкъанах цIена** (хьанал) **дерг даа аш».** *«Аль-Бакъарат», 172.* **Цул тIаьхьа цхьа стаг хьахийра цо, шен некъ бахбелла, месаш хьирчина, ченах вуьзна, шен ши куьг** (доIина) **хьалаайбина** (кхойкхуш) **волу: «ХIай сан Дела, хIай сан Дела!» Цуьнан яахIума хьарам яра, цуьнан молу хIума хьарам яра, цуьнан духар хьарам дара, хьарам кхача баош кхиийна вара иза. Цунна жоп муха лур ду?!»** *Муслим.*

**ЦхьайтталгIа хьадис**

عَنْ أَبِي مُحَمَّدٍ الْحَسَنِ بْنِ عَلِيِّ بْنِ أَبِي طَالِبٍ سِبْطِ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ وَرَيْحَانَتِهِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: حَفِظْتُ مِنْ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "دَعْ مَا يَرِيبُكَ إِلَى مَا لَا يَرِيبُكَ". رواه الترمذي والنسائي وقال الترمذي: حديث حسن صحيح

Iелин кIанта Хьасана (Дела реза хуьлийла цаьршинна) - Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) йоьIан кIант а, ишта цунна дукхавезарг а волчу - дийцина: «Суна Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дагахь Iемира: **«Хьой шек верг а дитий, хьой шек воцург делахь».** *Тирмизи, Насаи.*

**ШийтталгIа хьадис**

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "مِنْ حُسْنِ إِسْلَامِ الْمَرْءِ تَرْكُهُ مَا لَا يَعْنِيهِ". حديث حسن، رواه الترمذي وابن ماجه

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Стеган Исламан хазаллех ду цо шен бала боцург дитар».** *Тирмизи, ибн МажахI.*

**КхойтталгIа хьадис**

عَنْ أَبِي حَمْزَةَ أَنَسِ بْنِ مَالِكٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ – خَادِمِ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ –، عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّى يُحِبَّ لِأَخِيهِ مَا يُحِبُّ لِنَفْسِهِ". رواه البخاري ومسلم

Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) гIуллакххо волчу Ма́ликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух цхьа а** (кхоччуш) **ийман диллина ма вац, шена деззарг шен** (бусалба) **вешина деззалц».** *Бухари, Муслим.*

**ДейтталгIа хьадис**

عَنِ ابْنِ مَسْعُودٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "لَا يَحِلُّ دَمُ امْرِئٍ مُسْلِمٍ، يَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ، وَأَنِّي رَسُولُ اللهِ، إِلَّا بِإِحْدَى ثَلَاثٍ: الثَّيِّبُ الزَّانِي، وَالنَّفْسُ بِالنَّفْسِ، وَالتَّارِكُ لِدِينِهِ الْمُفَارِقُ لِلْجَمَاعَةِ". رواه البخاري ومسلم

Ибн МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахI воцург дела вац, со Делан элча ву аьлла тоьшалла деш волчу бусалба стеган цIий хьанал дац кху кхааннах цхьаъ цуьнгара даьлча а бен: зуда ялийна а волуш зина дар, дегIана дуьхьал** (чIиран) **дегI дер, шен дин дIатесна, бусалбанийн тобанах дIакъастар».** *Бухари, Муслим.*

**ПхуьйтталгIа хьадис**

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "مَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيَقُلْ خَيْرًا أَوْ لِيَصْمُتْ، وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ جَارَهُ، وَمَنْ كَانَ يُؤْمِنُ بِاللهِ وَالْيَوْمِ الْآخِرِ فَلْيُكْرِمْ ضَيْفَهُ". رواه البخاري ومسلم

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«АллахIах, къематдийнах а тешачо диканиг олийла я вист ца хуьлуш Iойла иза; АллахIах, къематдийнах а тешачо шен лулахочун сийдойла; АллахIах, къематдийнах а тешачо шен хьешан лерам бойла»**. *Бухари, Муслим.*

**ЙолхуьтталгIа хьадис**

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ رَجُلًا قَالَ لِلنَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: أَوْصِنِي، قَالَ: "لَا تَغْضَبْ"، فَرَدَّدَ مِرَارًا، قَالَ: "لَا تَغْضَبْ". رواه البخاري

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Весет дехьа соьга** (суна пайда бийр болчу Iамална тIе нисвехьа со)**».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ОьгIазло гучу ма яккха».** Цу стага юх-юха а бехира цуьнга, амма Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга (хIоразза а) элира**: «ОьгIазло гучу ма яккха».** *Бухари.*

**ВуьрхIитталгIа хьадис**

عَنْ أَبِي يَعْلَى شَدَّادِ بْنِ أَوْسٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، عَنْ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "إِنَّ اللهَ كَتَبَ الْإِحْسَانَ عَلَى كُلِّ شَيْءٍ، فَإِذَا قَتَلْتُمْ فَأَحْسِنُوا الْقِتْلَةَ، وَإِذَا ذَبَحْتُمْ فَأَحْسِنُوا الذِّبْحَةَ، وَلْيُحِدَّ أَحَدُكُمْ شَفْرَتَهُ، وَلْيُرِحْ ذَبِيحَتَهُ". رواه مسلم

Авсан кIанта Шаддада (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**Баккъалла а, АллахIа массо а хIуманехь диканиг дар тIедиллина ду. Цундела шаьш**

**юьйчу хенахь ер дика делаш, шаьш урс хьокхучу хенахь урс хьакхар а дика делаш, шух хIораммо а шен урс ирдойла, ша урс хьокхучу дийнатан са атта а доккхийла».** *Муслим.*

### БерхIитталгIа хьадис

عَنْ أَبِي ذَرٍّ جُنْدُبِ بْنِ جُنَادَةَ، وَأَبِي عَبْدِ الرَّحْمَنِ مُعَاذِ بْنِ جَبَلٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، عنْ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "اتَّقِ اللهَ حَيْثُمَا كُنْتَ، وَأَتْبِعِ السَّيِّئَةَ الْحَسَنَةَ تَمْحُهَا، وَخَالِقِ النَّاسَ بِخُلُقٍ حَسَنٍ". راوه الترمذي

Абу Зарра а, Джабалан кIанта МуIаза а (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьой стенггахь велахь а, АллахIах кхералахь, вуонна тIаьххье диканиг делахь, цо и** (вониг) **дIадоккхур ду; нахаца хазачу гIиллакхехь а хилалахь».** *Тирмизи.*

### ТкъеснайгIа хьадис

عَنْ أَبِي الْعَبَّاسِ عَبْدِ اللهِ بْنِ عبَّاسٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: "كُنْتُ خَلْفَ النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَوْمًا فَقَالَ: "يَا غُلَامُ، إِنِّي أُعَلِّمُكَ كَلِمَاتٍ: "احْفَظِ اللهَ يَحْفَظْكَ، احْفَظِ اللهَ تَجِدْهُ تُجَاهَكَ، إِذَا سَأَلْتَ فَاسْأَلِ اللهَ، وَإِذَا اسْتَعَنْتَ فَاسْتَعِنْ بِاللهِ، واعْلَمْ: أَنَّ الْأُمَّةَ لَوِ اجْتَمَعَتْ عَلَى أَنْ يَنْفَعُوكَ بِشَيْءٍ لَمْ يَنْفَعُوكَ إِلَّا بِشَيْءٍ قَدْ كَتَبَهُ اللهُ لَكَ، وَإِنِ اجْتَمَعُوا عَلَى أَنْ يَضُرُّوكَ بِشَيْءٍ لَمْ يَضُرُّوكَ إِلَّا بِشَيْءٍ قَدْ كَتَبَهُ اللهُ عَلَيْكَ، رُفِعَتِ الْأَقْلَامُ وَجَفَّتِ الصُّحُفُ". رواه الترمذي

وَفِي رِوَايَةِ غَيْرِ التِّرْمِذِيِّ: "احْفَظِ اللهَ تَجِدْهُ أَمَامَكَ، تَعَرَّفْ إِلَى اللهِ فِي الرَّخَاءِ يَعْرِفْكَ فِي الشِّدَّةِ، وَاعْلَمْ أَنَّ مَا أَخْطَأَكَ لَمْ يَكُنْ لِيُصِيبَكَ، وَمَا أَصَابَكَ لَمْ يَكُنْ لِيُخْطِئَكَ، وَاعْلَمْ أَنَّ النَّصْرَ مَعَ الصَّبْرِ، وَأَنَّ الْفَرَجَ مَعَ الْكَرْبِ، وَأَنَّ مَعَ الْعُسْرِ يُسْرًا".

Iаббасан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина хIара:

– Цхьана дийнахь, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьалха а волуш, тхойшиъ воьдуш, цо элира: **«ХІай кІант, хьуна цхьа дешнаш Іамо воллу со: «АллахІа бохург ларде ахь, Цо хьо а ларвийр ву; АллахІан хьакъ ларде ахь, Цуьнан къинхетам хьайна хьалха карор бу хьуна; айхьа доьхуш, АллахІе деха, айхьа гІо доьхуш, АллахІе гІо деха. Хьуна хоийла: нах хьуна цхьа пайда бан цхьаьнакхетча, цара хьуна пайда бийриг цахилар, АллахІа хьуна яздинчуьнца а бен; хьуна цхьа зен дан уьш цхьаьнакхетча а, цара хьуна зен дийриг цахилар, АллахІа хьуна яздинчуьнца а бен. Къолам дІаайина, тептар дакъа а делла».** *Тирмизи.*

Тирмизис далийначу доцачу кхечу хьадисехь ду: **«АллахІан хьакъ ларде ахь, Цуьнан къинхетам хьайна хьалха карор бу хьуна; паргІатонехь АллахІ виц ма ве, халонехь Цо хьо** (гІо ца деш) **вуьтур вац. Хьуна хоийла, хьоьга кхаьчна доцург хьуна хила яздина цахилар, хьоьга кхаьчнарг а – хьуна хиланза ца долуш хилар. Хьуна хоийла, собарна тІаьххье - толам, гІайгІанна тІаьххье - паргІато, халонна тІаьххье атто хилар а».**

### ТкъолгІа хьадис

عَنْ أَبِي مَسْعُودٍ عُقْبَةَ بْنِ عَمْرٍو الْأَنْصَارِيِّ الْبَدْرِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "إنَّ مِمَّا أَدْرَكَ النَّاسُ مِنْ كَلَامِ النُّبُوَّةِ الْأُولَى: إذَا لَمْ تَسْتَحِ فَاصْنَعْ مَا شِئْتَ". رواه البخاري

Ансарех волчу Абу МасІуда аль-Бадрийс (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, вайл хьалхалерчу пайхамарийн къамелах нахана схьакхаьчнарг ду: нагахь хьайна эхь ца хетахь, хьайна луъург дойла ахьа».** (Цуьнан маьІна ду – хьайгахь эхь дацахь, Делах хьой эхьхеташ вацахь, хьайн дегІана там берг леладе ахь, баккъалла а, АллахІ хьуна бекхам бийр болуш ву). *Бухари.*

### Ткъе цхьоалгІа хьадис

عَنْ أَبِي عَمْرٍو، وَقِيلَ: أَبِي عَمْرَةَ سُفْيَانَ بْنِ عَبْدِ اللهِ الثَّقَفِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: "قُلْتُ: يَا رَسُولَ اللهِ! قُلْ لِي فِي الْإِسْلَامِ قَوْلًا لَا أَسْأَلُ عَنْهُ أَحَدًا غَيْرَكَ، قَالَ: "قُلْ: آمَنْتُ بِاللهِ ثُمَّ اسْتَقِمْ". رواه مسلم

Сакъафийн тайпанах волчу IабдуллахIан кIанта Суфъяна (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: **«Аса элира: «ХIай Делан Элча! Хьо воцчуьнга аса кхин цхьаьнгге а хатта оьшур доцу Исламах лаций дош алахьа соьга».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«АллахIе ийман дилли аса, ала, цул тIаьхьа нийса некъ бе ахьа».** *Муслим.*

## Ткъе шолгIа хьадис

عَنْ أَبِي عَبْدِ اللهِ جَابِرِ بْنِ عَبْدِ اللهِ الْأَنْصَارِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ رَجُلًا سَأَلَ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ: "أَرَأَيْتَ إِذَا صَلَّيْتُ الْمَكْتُوبَاتِ، وَصُمْتُ رَمَضَانَ، وَأَحْلَلْتُ الْحَلَالَ، وَحَرَّمْتُ الْحَرَامَ، وَلَمْ أَزِدْ عَلَى ذَلِكَ شَيْئًا، أَأَدْخُلُ الْجَنَّةَ؟ قَالَ: "نَعَمْ". رواه مسلم

Ансарех волчу IабдуллахIан кIанта Джабира (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, цхьана стага Делан Элчане (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хаттар дира, аьлла: **«Дийцахьа суна, нагахь санна аса фарз ламазаш а дахь, Рамадан беттан марханаш а кхабахь, хьаналдерг леладахь, хьарам долчух Iалаш а лахь, – цул совнах аса хIумма ца дича а со ялсамане гIур вуй?»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ву».** *Муслим.*

## Ткъе кхоалгIа хьадис

عَنْ أَبِي مَالِكٍ الْحَارِثِ بْنِ عَاصِمٍ الْأَشْعَرِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "الطُّهُورُ شَطْرُ الْإِيمَانِ، وَالْحَمْدُ لِلَّهِ تَمْلَأُ الْمِيزَانَ، وَسُبْحَانَ اللهِ وَالْحَمْدُ لِلَّهِ تَمْلَآنِ – أَوْ: تَمْلَأُ – مَا بَيْنَ السَّمَاوَاتِ وَالْأَرْضِ، وَالصَّلَاةُ نُورٌ، وَالصَّدَقَةُ بُرْهَانٌ، وَالصَّبْرُ ضِيَاءٌ، وَالْقُرْآنُ حُجَّةٌ لَكَ أَوْ عَلَيْكَ، كُلُّ النَّاسِ يَغْدُو فَبَايِعٌ نَفْسَهُ فَمُعْتِقُهَا أَوْ مُوبِقُهَا". رواه مسلم

АшIарийн тайпанах волчу Iасыман кIанта аль-Хьариса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ЦIано - ийманах цхьа дакъа ду, «аль-хьамду лиллахI»** (АллахIна хастам бу) **аларо Мийзан-терза хьаладузу, ткъа «субхьаналлохIи, валь-хьамду лиллахIи»** (АллахI шеца там мел боцчух цIена ву, АллахIна хастам бу) **бохучо хьаладузу стигланашна, латтана а**

**юкъахь дерг, ламаз – нур ду, сагІа – ийманан билгало ю, собар – гІайгІа, бала дІабоккхуш серло ю, Къуръан –** (цо бохучунна тІевирзинехь) **хьоьгахьа я** (цо бохучух дІавирзинехь) **хьуна дуьхьал тоьшалла ду. ХІора стаг а Іуьйрре араволу, ткъа царах ву шен са духкург, и хьалхадоккхург** (Далла муьтІахь хуьлий) **я и хІаллакдийриг** (Далла Іеса а хуьлий)**».** *Муслим.*

**Ткъе доьалгІа хьадис**

عَنْ أَبِي ذَرٍّ الْغِفَارِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فِيمَا يَرْوِيهِ عَنْ رَبِّهِ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، أَنَّهُ قَالَ: "يَا عِبَادِي إِنِّي حَرَّمْتُ الظُّلْمَ عَلَى نَفْسِي وَجَعَلْتُهُ بَيْنَكُمْ مُحَرَّمًا فَلَا تَظَالَمُوا، يَا عِبَادِي كُلُّكُمْ ضَالٌّ إِلَّا مَنْ هَدَيْتُهُ فَاسْتَهْدُونِي أَهْدِكُمْ، يَا عِبَادِي كُلُّكُمْ جَائِعٌ إِلَّا مَنْ أَطْعَمْتُهُ فَاسْتَطْعِمُونِي أُطْعِمْكُمْ، يَا عِبَادِي كُلُّكُمْ عَارٍ إِلَّا مَنْ كَسَوْتُهُ فَاسْتَكْسُونِي أَكْسُكُمْ، يَا عِبَادِي إِنَّكُمْ تُخْطِئُونَ بِاللَّيْلِ وَالنَّهَارِ وَأَنَا أَغْفِرُ الذُّنُوبَ جَمِيعًا فَاسْتَغْفِرُونِي أَغْفِرْ لَكُمْ، يَا عِبَادِي إِنَّكُمْ لَنْ تَبْلُغُوا ضَرِّي فَتَضُرُّونِي وَلَنْ تَبْلُغُوا نَفْعِي فَتَنْفَعُونِي، يَا عِبَادِي لَوْ أَنَّ أَوَّلَكُمْ وَآخِرَكُمْ وَإِنْسَكُمْ وَجِنَّكُمْ كَانُوا عَلَى أَتْقَى قَلْبِ رَجُلٍ وَاحِدٍ مِنْكُمْ مَا زَادَ ذَلِكَ فِي مُلْكِي شَيْئًا، يَا عِبَادِي لَوْ أَنَّ أَوَّلَكُمْ وَآخِرَكُمْ وَإِنْسَكُمْ وَجِنَّكُمْ كَانُوا عَلَى أَفْجَرِ قَلْبِ رَجُلٍ وَاحِدٍ مِنْكُمْ مَا نَقَصَ ذَلِكَ مِنْ مُلْكِي شَيْئًا، يَا عِبَادِي لَوْ أَنَّ أَوَّلَكُمْ وَآخِرَكُمْ وَإِنْسَكُمْ وَجِنَّكُمْ قَامُوا فِي صَعِيدٍ وَاحِدٍ فَسَأَلُونِي، فَأَعْطَيْتُ كُلَّ وَاحِدٍ مَسْأَلَتَهُ، مَا نَقَصَ ذَلِكَ مِمَّا عِنْدِي إِلَّا كَمَا يَنْقُصُ الْمِخْيَطُ إِذَا أُدْخِلَ الْبَحْرَ، يَا عِبَادِي إِنَّمَا هِيَ أَعْمَالُكُمْ أُحْصِيهَا لَكُمْ ثُمَّ أُوَفِّيكُمْ إِيَّاهَا، فَمَنْ وَجَدَ خَيْرًا فَلْيَحْمَدِ اللهَ، وَمَنْ وَجَدَ غَيْرَ ذَلِكَ فَلَا يَلُومَنَّ إِلَّا نَفْسَهُ". رواه مسلم

Аль-гІифарийн тайпанах волчу Абу Заррас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, шега Беркате-Сийлахь-Везчу шен Дала элира, аьлла: **«ХІай Сан леш! Баккъалла а, Сой зулам деш вац Со, иштта иза шуна юкъахь а хьарам дина Аса, аша вовшийн зуламаш ма де! ХІай Сан леш, шух хІора а тилла воьдуш ву, Аса нисвинарг воцург, Соьгара лаха шаьш нисдар, Аса шу нисдийр ду. ХІай Сан леш! Шух хІора а меца ву, Аса вузийнарг воцург, Соьгара лаха шаьш дузор, Аса дузор ду шу. ХІай Сан леш! Шух хІора а верзина ву, Аса тІедуьйхинарг воцург, Соьгара лаха шайна тІедухург, Аса тІедухур ду шуна. ХІай Сан леш! Баккъалла а, дийнаххьий, бусий**

**гӀалатдуьйлу шу, ткъа Со Ву дерриге а къиношна гечдеш, Соьга деха къиношна гечдар, Аса гечдийр ду шуна. ХӀай Сан леш! Суна дан цхьана а тайпанара зен дац шун я Суна бан цхьана а тайпанара пайда а бац шун. ХӀай Сан леш! Шун хьалхарнаш, шун тӀаьхьарнаш а, шун адамаш, шун жинаш а шуна юкъара уггаре а АллахӀах кхоьруш дог долчу стагах терра хилча а, цо Сан паччахьаллина хӀумма а тӀетухур ма дацара. ХӀай Сан леш! Шун хьалхарнаш, шун тӀаьхьарнаш а, шун адамаш а, шун жинаш а шуна юкъара уггаре а Ӏеса дог долчу стагах терра хилча а, цо Сан паччахьаллина цхьа а иэшам бийр ма бац. ХӀай Сан леш! Шун хьалхарнаш, шун тӀаьхьарнаш а, шун адамаш а, шун жинаш а цхьана майдана дӀагулделла, цара Соьга дехча, тӀаккха Аса церан хӀора дехар кхочушдича, цо Соьгахь долчунна тӀера иэшор ма дац, хӀорда чу Ӏоьттинчу махано иэшоччул а. ХӀай Сан леш! Баккъалла а, уьш Аса шуна ягаръеш шун Ӏамалш ю, Аса шуна царна дуьхьал бекхам бийр бу. ТӀаккха шена диканиг карийначо АллахӀна хастам бойла, ткъа и доцург кхин карийначо ша-шен бен бехке ма войла!»** *Муслим.*

## Ткъе пхоьалгӀа хьадис

عَنْ أَبِي ذَرٍّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ أَيْضًا، أَنَّ نَاسًا مِنْ أَصْحَابِ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالُوا لِلنَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: يَا رَسُولَ اللهِ، ذَهَبَ أَهْلُ الدُّثُورِ بِالْأُجُورِ، يُصَلُّونَ كَمَا نُصَلِّي، وَيَصُومُونَ كَمَا نَصُومُ، وَيَتَصَدَّقُونَ بِفُضُولِ أَمْوَالِهِمْ، قَالَ: "أَوَ لَيْسَ قَدْ جَعَلَ اللهُ لَكُمْ مَا تَصَدَّقُونَ بِهِ؟ إِنَّ لَكُمْ بِكُلِّ تَسْبِيحَةٍ صَدَقَةً، وَكُلِّ تَكْبِيرَةٍ صَدَقَةً، وَكُلِّ تَحْمِيدَةٍ صَدَقَةً، وَكُلِّ تَهْلِيلَةٍ صَدَقَةً، وَأَمْرٌ بِالْمَعْرُوفِ صَدَقَةٌ، وَنَهْيٌ عَنْ مُنْكَرٍ صَدَقَةٌ، وَفِي بُضْعِ أَحَدِكُمْ صَدَقَةٌ، قَالُوا: يَا رَسُولَ اللهِ، أَيَأْتِي أَحَدُنَا شَهْوَتَهُ وَيَكُونُ لَهُ فِيهَا أَجْرٌ؟ قَالَ: "أَرَأَيْتُمْ لَوْ وَضَعَهَا فِي حَرَامٍ أَكَانَ عَلَيْهِ وِزْرٌ؟ فَكَذَلِكَ إِذَا وَضَعَهَا فِي الْحَلَالِ كَانَ لَهُ أَجْرٌ". رواه مسلم

Ишта Абу Зарра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) асхьабех болчу цхьана наха Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«ХӀай Делан Элча! Баккхийчу бахамийн дайша берриге а мелаш дӀабаьхьи-кх, оха санна ламазаш до-кх цара, оха санна марханаш а кхобу-кх цара, цул**

**совнах – шайн совдаьлла даьхни сагІина а ло цара».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «**Вай! Ткъа шуна а ца делла АллахІа сагІина дала хІума?!» Баккъалла а, аша хІора тасбихь** («субхьаналлохІ» – Шеца там мел боцчух цІена ву АллахІ) **алар – сагІа далар санна ял ю шуна, хІора АллохІу акбар** (АллахІ воккха ву) **алар – сагІа далар санна ял ю шуна, хІора аль-хьамду лиллахІ** (хастам бу АллахІна) **алар – сагІа далар санна ял ю шуна, хІора ла илахІа иллаллохІ** (АллахІ воцург кхин дела вац) **алар а – сагІа далар санна ял ю шуна, диканиг де алар а – сагІа далар санна ял ю шуна, ишта, воніг ма де алар а – сагІа далар санна ял ю шуна; шух цхьамма шен зудчуьнца меттахь долу гІуллакх дар а – сагІа далар санна ял ю шуна». Цара хаьттира: «ХІай Делан Элча! Тхох цхьамма шен дегІан лаам кхочушбича, цунах цунна мела хир бу ткъа?!»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Аша суна дийцийша, цо иза хьарам новкъа диллича, цунна къа хир дарий? Ишта цо иза хьанал новкъа диллича, цунна мела хуьлу».** *Муслим.*

### Ткъе йолхалгІа хьадис

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "كُلُّ سُلَامَى مِنَ النَّاسِ عَلَيْهِ صَدَقَةٌ كُلَّ يَوْمٍ تَطْلُعُ فِيهِ الشَّمْسُ: تَعْدِلُ بَيْنَ اثْنَيْنِ صَدَقَةٌ، وَتُعِينُ الرَّجُلَ فِي دَابَّتِهِ فَتَحْمِلُهُ عَلَيْهَا أَوْ تَرْفَعُ لَهُ عَلَيْهَا مَتَاعَهُ صَدَقَةٌ، وَالْكَلِمَةُ الطَّيِّبَةُ صَدَقَةٌ، وَبِكُلِّ خُطْوَةٍ تَمْشِيهَا إِلَى الصَّلَاةِ صَدَقَةٌ، وَتُمِيطُ الْأَذَى عَنِ الطَّرِيقِ صَدَقَةٌ". راوه البخاري ومسلم

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шена тІе малх кхетачу массо а дийнахь нехан хІора хуттургана тІера даккха дезаш сагІа ду: шинна юкъахь нийсо йой ахь – сагІа ду хьуна и, стагана шен дийнатна тІехууш, и цу тІе хьалаваккхарца гІо дой ахь, я цунна цу тІе цуьнан мохь хьалакховдабой ахь – сагІа ду хьуна, ткъа хаза дош – сагІа ду хьуна, ахьа ламазе воьдуш боккху хІора ког – сагІа ду хьуна, ишта ахьа новкъара нех дІаякккхар – сагІа ду хьуна».** *Бухари, Муслим.*

## Ткъе ворхIалгIа хьадис

عَنِ النَّوَّاسِ بْنِ سَمْعَانَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "الْبِرُّ حُسْنُ الْخُلُقِ، وَالْإِثْمُ مَا حَاكَ فِي نَفْسِكَ وَكَرِهْتَ أَنْ يَطَّلِعَ عَلَيْهِ النَّاسُ". رواه مسلم

СамIанан кIанта Навваса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**Дика дерг – хаза гIиллакх хилар ду, ткъа къилахь дерг – нахана хаарна кхоьруш, хьо ийзалуш, хьан кийрахь шеко юьтург ду».** *Муслим.*

وَعَنْ وَابِصَةَ بْنِ مَعْبَدٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: أَتَيْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ: "جِئْتَ تَسْأَلُ عَنِ الْبِرِّ؟ قُلْتُ: نَعَمْ. فَقَالَ: "اسْتَفْتِ قَلْبَكَ، الْبِرُّ مَا اطْمَأَنَّتْ إِلَيْهِ النَّفْسُ، وَاطْمَأَنَّ إِلَيْهِ الْقَلْبُ، وَالْإِثْمُ مَا حَاكَ فِي النَّفْسِ وَتَرَدَّدَ فِي الصَّدْرِ، وَإِنْ أَفْتَاكَ النَّاسُ وَأَفْتَوْكَ". رواه أحمد والدارمي

МаIбадан кIанта Вабисата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, ша Делан Элча волчу (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) вахара, аьлла. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) (соьга) элира: «**Дика дерг хоьттуш веана хьо?»** Аса элира: «**ХIаъ, веана».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: «**Хьайн даге хатта ахь: дика дерг – хьан синна, дагна а синтембийриг ду, ткъа къилахь дерг – хьан са хьийзориг, хьан даг чу шеконаш кхуьссуриг а ду, наха цунна дуьхьал долчуьнца жоп деллехь а».** *Ахьмад, Дарими.*

## Ткъе борхIалгIа хьадис

عَنْ أَبِي نَجِيحٍ الْعِرْبَاضِ بْنِ سَارِيَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: "وَعَظَنَا رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ مَوْعِظَةً وَجِلَتْ مِنْهَا الْقُلُوبُ وَذَرَفَتْ مِنْهَا الْعُيُونُ، فَقُلْنَا: يَا رَسُولَ اللهِ! كَأَنَّهَا مَوْعِظَةُ مُوَدِّعٍ فَأَوْصِنَا، قَالَ:"أُوصِيكُمْ بِتَقْوَى اللهِ، وَالسَّمْعِ وَالطَّاعَةِ وَإِنْ تَأَمَّرَ عَلَيْكُمْ عَبْدٌ، فَإِنَّهُ مَنْ يَعِشْ مِنْكُمْ فَسَيَرَى اخْتِلَافًا كَثِيرًا، فَعَلَيْكُمْ بِسُنَّتِي وَسُنَّةِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ الْمَهْدِيِّينَ، عَضُّوا عَلَيْهَا بِالنَّوَاجِذِ، وَإِيَّاكُمْ وَمُحْدَثَاتِ الْأُمُورِ، فَإِنَّ كُلَّ بِدْعَةٍ ضَلَالَةٌ". رواه أبو داود والترمذي

Са́риятан кIанта Iирба́да (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), тхан дегнаш кхераделла тохадалуьйтуш, тхан бIаьргех хиш хьодуьйтуш болу цхьа хьехам бира тхуна, аьлла. ТIаккха оха элира: **«ХIай Делан Элча! Iодикаечун хьехамах тера хетта-кх тхуна и хьехам, весет дехьа тхоьга!»** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Аса шуьга весет до, АллахIах кхера, шайна тIехь урхалла дан лай хIоттахь а, цуьнга ладугIуш, цунна муьтIахь а хила аьлла. Шух тIаьхьавуьсуволчунна дуккха а къийсамаш гур бу. Ткъа шун декхар ду, сан суннатна а, нийсонна тIехь а болуш, нисбелла дIабоьлхуш болчу сан халифийн а суннатна тIехь хилар. Шайн юххерчу кхелашца и чIоггIа дIалацалаш! Варлаш, керла юкъадохучу хIуманех ларлолаш, баккъалла а, хIора бидIат** (шарIо къобал ца деш, шарIехь бух боцург) **– тилар ду».** *Абу Давуд, Тирмизи.*

**Ткъе уьссалгIа хьадис**

عَنْ مُعَاذِ بْنِ جَبَلٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قُلْتُ: يَا رَسُولَ اللهِ! أَخْبِرْنِي بِعَمَلٍ يُدْخِلُنِي الْجَنَّةَ وَيُبَاعِدُنِي مِنَ النَّارِ، قَالَ: "لَقَدْ سَأَلْتَ عَنْ عَظِيمٍ، وَإِنَّهُ لَيَسِيرٌ عَلَى مَنْ يَسَّرَهُ اللهُ عَلَيْهِ: تَعْبُدُ اللهَ لَا تُشْرِكُ بِهِ شَيْئًا، وَتُقِيمُ الصَّلَاةَ، وَتُؤْتِي الزَّكَاةَ، وَتَصُومُ رَمَضَانَ، وَتَحُجُّ الْبَيْتَ، ثُمَّ قَالَ: "أَلَا أَدُلُّكَ عَلَى أَبْوَابِ الْخَيْرِ؟ الصَّوْمُ جُنَّةٌ، وَالصَّدَقَةُ تُطْفِئُ الْخَطِيئَةَ كَمَا يُطْفِئُ الْمَاءُ النَّارَ، وَصَلَاةُ الرَّجُلِ فِي جَوْفِ اللَّيْلِ، ثُمَّ تَلَا: {تَتَجَافَى جُنُوبُهُمْ عَنِ الْمَضَاجِعِ} حَتَّى بَلَغَ {يَعْمَلُونَ}، ثُمَّ قَالَ: "أَلَا أُخْبِرُكَ بِرَأْسِ الْأَمْرِ وَعَمُودِهِ وَذِرْوَةِ سَنَامِهِ؟" قُلْتُ: بَلَى يَا رَسُولَ اللهِ. قَالَ: "رَأْسُ الْأَمْرِ الْإِسْلَامُ، وَعَمُودُهُ الصَّلَاةُ، وَذِرْوَةُ سَنَامِهِ الْجِهَادُ"، ثُمَّ قَالَ: "أَلَا أُخْبِرُكَ بِمِلَاكِ ذَلِكَ كُلِّهِ"؟ فَقُلْتُ: بَلَى يَا رَسُولَ اللهِ، فَأَخَذَ بِلِسَانِهِ وَقَالَ: "كُفَّ عَلَيْكَ هَذَا". قُلْتُ: يَا نَبِيَّ اللهِ وَإِنَّا لَمُؤَاخَذُونَ بِمَا نَتَكَلَّمُ بِهِ؟ فَقَالَ: "ثَكِلَتْكَ أُمُّكَ، وَهَلْ يَكُبُّ النَّاسَ عَلَى وُجُوهِهِمْ – أَوْ قَالَ: عَلَى مَنَاخِرِهِمْ – إِلَّا حَصَائِدُ أَلْسِنَتِهِمْ؟!". رواه الترمذي

Джабалан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Ас элира: **«ХIай Делан Элча, АллахIа, ша бахьана долуш, со ялсамане вуьгур волу, жоьжахатина генавоккхур волу а Iамал йийцахьа суна».** Цо элира: **«Ахьа хаьттинарг доккха хIума ма ду, амма иза АллахIа атта диначунна чIогIа атта а ма ду. Ахьа АллахIна Iибадат де, Цуьнца цхьа а**

**хIума накъост ца лоцуш, ламаз де, закат ло, Рамадан бутт кхаба, ХьаьжцIа а гIо».** Цул тIаьхьа цо элира: **«Аса диканан неIаршна тIе нисвай хьо: мархано – вочух Iалашво; сагIано, хино цIе дIаяйарх терра, къа дIадоккху; буьйса юккъе яхча стага деш долу тахIадджуд** (Iуьйкъа) **ламаз а де».** Цул тIаьхьа цо дийшира: **«Церан агIонаш ийбало буьйшучу меттигашкара»,** – бохуш долу хIара аят. (Аьлча а, уьш тахIадджуд ламазаш деш бу). ТIаккха цо элира: **«Аса белхан коьртах, цуьнан гIорторах, бухьах** (вершина) **а лаций дийций хьуна?»** Аса элира: **«Дийцахьа, хIай Делан Элча».** Цо элира: **«Белхан корта – Ислам ду, цуьнан гIортор – ламаз ду, цуьнан бухь – гIазот ду».** ТIаккха цо хьаьттира: **«Аса хьуна дийций, оцу дерригенан доладийриг хIун ду?» «Дийцахьа, хIай Делан Элча»**, – элира аса. ТIаккха цо шен мотт схьа а лаьцна, элира: **«ХIара хьайн мотт ларбе».** Аса элира: **«ХIай Делан Элча, оха ден къамел бахьана долуш жоьжахати чу ийзор долуш ду тхо?»** Цо жоп делира: **«Хьан вуон ма гойла хьан нанна, нах жоьжахати чу буьгучу хенахь, юьхьара текхабойтунберг – церан меттанаша дийцинарг бен, кхин хIумма а дуй?!»** (хIумма а дац бохучу маьIнехь). *Тирмизи.*

### Ткъе уьтталгIа хьадис

عَنْ أَبِي ثَعْلَبَةَ الْخُشَنِيِّ جُرْثُومِ بْنِ نَاشِرٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، عَنْ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "إِنَّ اللهَ تَعَالَى فَرَضَ فَرَائِضَ فَلَا تُضَيِّعُوهَا، وَحَدَّ حُدُودًا فَلَا تَعْتَدُوهَا، وَحَرَّمَ أَشْيَاءَ فَلَا تَنْتَهِكُوهَا، وَسَكَتَ عَنْ أَشْيَاءَ رَحْمَةً لَكُمْ غَيْرَ نِسْيَانٍ فَلَا تَبْحَثُوا عَنْهَا". حديث حسن رواه الدارقطني وغيره

Хушанийн тайпанах волчу Наширан кIанта Журсума (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахIа фарзаш тIедехкина, уьш зен ма дайалаш; дозанаш а хIиттийна, уьш хеда ма делаш; цхьацца хIуманаш хьарам а дина, уьш ма леладелаш; вицвелла а воцуш, шух къинхетам бархьама, – цхьадерш хьарам ца деш я важиб ца деш а дитина Цо, уьш толлуш ма лела шу».** *ДаракъутIни.*

### Ткъе цхьайтталгIа хьадис

عَنْ أَبِي الْعَبَّاسِ سَهْلِ بْنِ سَعْدٍ السَّاعِدِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: جَاءَ رَجُلٌ إِلَى النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فَقَالَ: يَا رَسُولَ اللهِ، دُلَّنِي عَلَى عَمَلٍ إِذَا عَمِلْتُهُ أَحَبَّنِي اللهُ وَأَحَبَّنِي النَّاسُ، فَقَالَ: "ازْهَدْ فِي الدُّنْيَا يُحِبَّكَ اللهُ، وَازْهَدْ فِيمَا عِنْدَ النَّاسِ يُحِبَّكَ النَّاسُ". رواه ابن ماجه

СаIдан кIанта СахIла ас-СаIидийс (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу а веана, цхьана стага элира, аьлла: **«ХIай Делан Элча! Аса йича, со АллахIна, нахана а дукхавезар волу Iамал хьехахь суна».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Дуьне дIатаса ахьа – АллахIна дукхавезар ву хьо, нехан бахамашка ма хьежа хьо – нахана дукхавезар ву хьо».** *Ибн МажахI.*

## Ткъе шуьйтталгIа хьадис

عَنْ أَبِي سَعِيدٍ سَعْدِ بْنِ مَالِكِ بْنِ سِنَانٍ الْخُدْرِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "لَا ضَرَرَ وَلَا ضِرَارَ". رواه ابن ماجه والدارقطني

Абу СаIида аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Хьайна зен дар дац я нахана зен дар а дац** (хьайна я нахана зен ма де, бохучу маьIнехь)». *Ибн МажахI, ДаракъутIни.*

## Ткъе кхойтталгIа хьадис

عَنِ ابْنِ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "لَوْ يُعْطَى النَّاسُ بِدَعْوَاهُمْ لَادَّعَى رِجَالٌ أَمْوَالَ قَوْمٍ وَدِمَاءَهُمْ لَكِنَّ الْبَيِّنَةَ عَلَى الْمُدَّعِي وَالْيَمِينَ عَلَى مَنْ أَنْكَرَ". رواه البيهقي

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Нахана цара аьрзнаш мел дийриг дIалуш делахьара, цхьаболчу наха шайна дIадоьхур ма дара нехан даьхни, церан цIийш хьаналдан а гIуртур бара уьш. Амма, бакъду, тоьшалла далор дов кхийдочуьнгахь ду, ткъа дуй – дов тIе ца лоцучунна кхочу».** *БайхIакъи.*

## Ткъе дейтталгIа хьадис

عَنْ أَبِي سَعِيدٍ الْخُدْرِيِّ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: "مَنْ رَأَى مِنْكُمْ مُنْكَرًا فَلْيُغَيِّرْهُ بِيَدِهِ، فَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِلِسَانِهِ، فَإِنْ لَمْ يَسْتَطِعْ فَبِقَلْبِهِ، وَذَلِكَ أَضْعَفُ الْإِيمَانِ". رواه مسلم

Абу СаIида аль-Худрис (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Шух цхьанна цхьаммо вониг деш гича, цо иза шен куьйга хуьйцийла; ткъа шен ницкъ ца кхачахь, шен маттаца; ткъа иштта а ницкъ ца кхачахь, тIаккха шен дагца – иза уггар гIийла долу ийман ду».** *Муслим.*

## Ткъе пхийтталгIа хьадис

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "لَا تَحَاسَدُوا، وَلَا تَنَاجَشُوا، وَلَا تَبَاغَضُوا، وَلَا تَدَابَرُوا، وَلَا يَبِعْ بَعْضُكُمْ عَلَى بَيْعِ بَعْضٍ، وَكُونُوا عِبَادَ اللهِ إِخْوَانًا، الْمُسْلِمُ أَخُو الْمُسْلِمِ، لَا يَظْلِمُهُ، وَلَا يَخْذُلُهُ، وَلَا يَكْذِبُهُ، وَلَا يَحْقِرُهُ، التَّقْوَى هَا هُنَا، وَيُشِيرُ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ إِلَى صَدْرِهِ ثَلَاثَ مَرَّاتٍ، بِحَسْبِ امْرِئٍ مِنَ الشَّرِّ أَنْ يَحْقِرَ أَخَاهُ الْمُسْلِمَ، كُلُّ الْمُسْلِمِ عَلَى الْمُسْلِمِ حَرَامٌ: دَمُهُ وَمَالُهُ وَعِرْضُهُ". رواه مسلم

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша вовшашца хьагI ма лиэца, нах Iехо мехаш тIе а ма детта, шу вовшашна оьгIаз ма эха, аша вовшашна баккъаш а ма детта, вовшийн мах бохош тIе мехаш а ма бе; шу хила, хIай АллахIан леш, – вежарий; бусалба бусалбанна ваша ву, цо цунна зулам дийр дац, цо иза сийсаз вийр вац, цо иза харц а вийр вац, цунна иза атта а хетар вац; Делах кхерар хIокху меттехь ду –** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен некха тIе кхузза ишар йира **– стага къа лато тоьаш ду-кх деккъа цунна бусалба стаг атта хетар; хIора бусалба стагана бусалба стаг хьарам вина ву: цуьнан цIий, цуьнан даьхни, цуьнан сий».** *Муслим.*

**Ткъе ялхитталгIа хьадис**

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ، عَنِ النَّبِيِّ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "مَنْ نَفَّسَ عَنْ مُؤْمِنٍ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ الدُّنْيَا نَفَّسَ اللهُ عَنْهُ كُرْبَةً مِنْ كُرَبِ يَوْمِ الْقِيَامَةِ، وَمَنْ يَسَّرَ عَلَى مُعْسِرٍ يَسَّرَ اللهُ عَلَيْهِ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَمَنْ سَتَرَ مُسْلِمًا سَتَرَهُ اللهُ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، وَاللهُ فِي عَوْنِ الْعَبْدِ مَا كَانَ الْعَبْدُ فِي عَوْنِ أَخِيهِ، وَمَنْ سَلَكَ طَرِيقًا يَلْتَمِسُ فِيهِ عِلْمًا سَهَّلَ اللهُ لَهُ بِهِ طَرِيقًا إِلَى الْجَنَّةِ، وَمَا اجْتَمَعَ قَوْمٌ فِي بَيْتٍ مِنْ بُيُوتِ اللهِ يَتْلُونَ كِتَابَ اللهِ وَيَتَدَارَسُونَهُ فِيمَا بَيْنَهُمْ، إِلَّا نَزَلَتْ عَلَيْهِمُ السَّكِينَةُ، وَغَشِيَتْهُمُ الرَّحْمَةُ وَحَفَّتْهُمُ الْمَلَائِكَةُ، وَذَكَرَهُمُ اللهُ فِيمَنْ عِنْدَهُ، وَمَنْ بَطَّأَ بِهِ عَمَلُهُ لَمْ يُسْرِعْ بِهِ نَسَبُهُ". رواه مسلم

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Бусалба стагана тIера цуьнан дуьненан гIайгIанех йолу цхьа гIайгIа дIаайинчу стеган къематдийнахь хинйолчу гIайгIанех цхьа гIайгIа АллахIа дIаойур ю. Таро йоцчунна** (шена тIехь декхарш долчунна) **аьтто бинчунна – АллахIа дуьненахь, эхартахь а аьтто бийр бу. Бусалба стаг хьулвинарг** (цуьнан сакхташ, Iаврат а) – **Дала иза а хьулвийр ву дуьненахь, эхартахь а** (иза эрча ца воккхуш, цунна Iазап ца деш). **Ткъа АллахI лешна гIо деш ма ву, лай шен вешин гIо деш мел ву. Амма шена чохь Iилма лахар долу некъ юьхьарлаьцна воьдучунна АллахIа и бахьана долуш ялсамане вуьгу некъ атта бо. Ишта цхьа нах АллахIан цIеношха цхьана цIа чохь** (маьждигехь) **АллахIан Жайна** (Къуръан) **доьшуш, ишта иза шайна юкъахь хьеха а хьоьхуш цхьаьна ма ца кхета, царна тIе синтем боьссина, царах къинхетам хьаьрчина, царна маликаша го бина, Шена гергадина долчаьрга** (маликашка) **АллахIа уьш хьахийна а бен. Шен Iамалш эшна хилларг – цуьнан тайпаналлийн сийлаллийца иза хьалхавер вац».** *Муслим.*

**Ткъе вуьрхIитталгIа хьадис**

عَنِ ابْنِ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، عَنْ رَسُولِ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ فِيمَا يَرْوِيهِ عَنْ رَبِّهِ تَبَارَكَ وَتَعَالَى، قَالَ: "إِنَّ اللهَ كَتَبَ الْحَسَنَاتِ وَالسَّيِّئَاتِ ثُمَّ بَيَّنَ ذَلِكَ، فَمَنْ هَمَّ بِحَسَنَةٍ فَلَمْ يَعْمَلْهَا كَتَبَهَا اللهُ عِنْدَهُ حَسَنَةً كَامِلَةً، وَإِنْ هَمَّ بِهَا فَعَمِلَهَا كَتَبَهَا اللهُ عِنْدَهُ عَشْرَ حَسَنَاتٍ إِلَى سَبْعِمِائَةِ ضِعْفٍ إِلَى أَضْعَافٍ كَثِيرَةٍ، وَإِنْ هَمَّ بِسَيِّئَةٍ فَلَمْ يَعْمَلْهَا كَتَبَهَا اللهُ عِنْدَهُ حَسَنَةً كَامِلَةً، وَإِنْ هَمَّ بِهَا فَعَمِلَهَا كَتَبَهَا اللهُ سَيِّئَةً وَاحِدَةً". رواه البخاري ومسلم

Ибн Iаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дийцира, Веза-Сийлахьчу шен Дала шега элира, аьлла: **«Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахIа диканаш, вонаш а дIаяздина, цул тIаьхьа иза билгалдина Цо. Ткъа диканиг дан ойла а хилла, и данза висинчунна АллахIа Шена гергахь иза дуьззина дика а лорий дIаяздо; амма цуьнан иза дан ойла хили, цо иза дан а ди, тIаккха Веза-Сийлахьчу АллахIа иза Шена гергахь итт дика а лорий дIаяздо, ишта ворхI бIе декъе, цул а дукха долчу дакъошка а совдохуш. Амма нагахь цуьнгахь вониг дан ойла хиллехь, амма цо и ца ди, тIаккха АллахIа цунна дуьхьал цунна цхьа дика лорий яздо; ткъа цунна и вониг дан ойла хили, цо и вониг дан а ди, тIаккха АллахIа Шена гергахь цунна иза цхьаъ вониг а лорий яздо».** *Бухари, Муслим.*

### Ткъе берхIитталгIа хьадис

عَنْ أَبِي هُرَيْرَةَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: إِنَّ اللهَ تَعَالَى قَالَ: "مَنْ عَادَى لِي وَلِيًّا فَقَدْ آذَنْتُهُ بِالْحَرْبِ، وَمَا تَقَرَّبَ إِلَيَّ عَبْدِي بِشَيْءٍ أَحَبَّ إِلَيَّ مِمَّا افْتَرَضْتُهُ عَلَيْهِ، وَلَا يَزَالُ عَبْدِي يَتَقَرَّبُ إِلَيَّ بِالنَّوَافِلِ حَتَّى أُحِبَّهُ، فَإِذَا أَحْبَبْتُهُ كُنْتُ سَمْعَهُ الَّذِي يَسْمَعُ بِهِ، وَبَصَرَهُ الَّذِي يُبْصِرُ بِهِ، وَيَدَهُ الَّتِي يَبْطِشُ بِهَا، وَرِجْلَهُ الَّتِي يَمْشِي بِهَا، وَلَئِنْ سَأَلَنِي لَأُعْطِيَنَّهُ، وَلَئِنِ اسْتَعَاذَنِي لَأُعِيذَنَّهُ". رواه البخاري

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу АллахIа аьлла: «Сан велина новкъарло йиначунна дуьхьал тIом дIахьебо Аса; Сан лай Аса шена фарз дина долчу хIуманца Суна гергаварал Суна дукхадезаш цхьа хIума а ма дац. Ишта Сан лай суннат**

**Іамалшца Суна гергавогІуш ма лаьтта, ша Суна дукхавеззалц. Ткъа Суна иза дукхавезча, цуьнан лергийн хазар лардеш хуьлу Со, цуьнан бІаьрса а лардеш хуьлу Со, цо кховдош долу куьг а лардеш хуьлу Со, цо боккху ког а ларбеш хуьлу Со; цо Сайга дехча, цунна лур долуш ма ву Со; цо Соьга ша Іалашвар дехахь, иза Іалашвийр волуш а ма ву Со».** *Бухари.*

## Ткъе ткъесналгІа хьадис

عَنِ ابْنِ عَبَّاسٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا، أَنَّ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ قَالَ: "إِنَّ اللهَ تَجَاوَزَ لِي عَنْ أُمَّتِي الْخَطَأَ وَالنِّسْيَانَ وَمَا اسْتُكْرِهُوا عَلَيْهِ". حديث حسن رواه ابن ماجه والبيهقي

Ибн Іаббаса (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахІа сан дуьхьа сан умматана гечдина: гІалатдаьлла динчунна, дицделла динчунна а, нуьцкъах дайтинчунна а».** *Ибн МажахІ, БайхІакъи.*

## ШовзткъалгІа хьадис

عَنِ ابْنِ عُمَرَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: أَخَذَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ بِمَنْكِبِي فَقَالَ: "كُنْ فِي الدُّنْيَا كَأَنَّكَ غَرِيبٌ أَوْ عَابِرُ سَبِيلٍ". وَكَانَ ابْنُ عُمَرَ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا يَقُولُ: "إِذَا أَمْسَيْتَ فَلَا تَنْتَظِرِ الصَّبَاحَ، وَإِذَا أَصْبَحْتَ فَلَا تَنْتَظِرِ الْمَسَاءَ، وَخُذْ مِنْ صِحَّتِكَ لِمَرَضِكَ، وَمِنْ حَيَاتِكَ لِمَوْتِكَ". رواه البخاري

Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шен белшаш тІера ша схьа а лоцуш, элира, аьлла: **«Кху дуьнен тІехь нехан махкахо санна я некъ хадош тІехволург санна хилалахь».**

Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) олуш хилла: **«Хьой буьйсанга ваьлча, Іуьйрене ма хьежалахь; хьой Іуьйренга ваьлча, буьйсане ла ма дегІалахь; хьайн могашалла Іибадатна хьовзаелахь, цамгаро хьой дІалацале; хьайна чохь са мел ду валарна кечам а белахь».** *Бухари.*

## Шовзткъе цхьоалгIа хьадис

عَنْ أَبِي مُحَمَّدٍ عَبْدِ اللهِ بْنِ عَمْرِو بْنِ الْعَاصِ رَضِيَ اللهُ عَنْهُمَا قَالَ: قَالَ رَسُولُ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: "لَا يُؤْمِنُ أَحَدُكُمْ حَتَّى يَكُونَ هَوَاهُ تَبَعًا لِمَا جِئْتُ بِهِ". حديث حسن صحيح رويناه في كتاب الحجة بإسناد صحيح

IамрАн кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: «**Шух цхьа а** (кхоччуш) **иймАн диллина ма вац, цуьнан шен лаам аса деана долчунна тIаьхьабозуш хилча а бен».**

## Шовзткъе шолгIа хьадис

عَنْ أَنَسِ بْنِ مَالِكٍ رَضِيَ اللهُ عَنْهُ قَالَ: سَمِعْتُ رَسُولَ اللهِ صَلَّى اللهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ يَقُولُ: قَالَ اللهُ تَعَالَى: "يَا ابْنَ آدَمَ، إِنَّكَ مَا دَعَوْتَنِي وَرَجَوْتَنِي غَفَرْتُ لَكَ عَلَى مَا كَانَ مِنْكَ وَلَا أُبَالِي، يَا ابْنَ آدَمَ، لَوْ بَلَغَتْ ذُنُوبُكَ عَنَانَ السَّمَاءِ ثُمَّ اسْتَغْفَرْتَنِي غَفَرْتُ لَكَ، يَا ابْنَ آدَمَ، إِنَّكَ لَوْ أَتَيْتَنِي بِقُرَابِ الْأَرْضِ خَطَايَا ثُمَّ لَقِيتَنِي لَا تُشْرِكُ بِي شَيْئًا لَأَتَيْتُكَ بِقُرَابِهَا مَغْفِرَةً" . رواه الترمذي وقال: حديث حسن صحيح

Ма́ликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира шена, аьлла: **«Веза-Сийлахьчу АллахIа аьлла: «ХIай Адаман кIант! Баккъалла а, хьо Соьга доьхуш, Соьгарчу къинхетаме сатуьйсуш а мел ву, хьуна гечдийр долуш ву Со, хьан къинош дукха хилар тергал ца деш. ХIай Адаман кIант! Хьан къинош стигларчу мархашка кхаччалц хьаладуьзча а, цул тIаьхьа ахьа Соьга хьайна гечдар дехча, Хьуна гечдийр долуш ву-кх Со. ХIай Адаман кIант! Латта дуьззина долу къинош долуш хьо дIакхелхича, амма Iибадат дарехь Суна цхьа а декъахо а ца веш хьо Суна хьалха хIоттахь, и латта дузар барамехь хьуна гечдийр ду Аса».**
*Тирмизи.*